

**Ódonans Konvèsyon Koperativ ak Kondominyòm Vil Boston  
Rezime Dispozisyon Janvyè 2021**

Nan Janvyè 2021, Vil Boston te amande Ódonans Konvèsyon Koperativ ak Kondominyòm [(the “Conversion Ordinance”)] nan 1999. Ódonans lan aplike pou nenpòt pwopriyete rezidansyèl ki te abite anvan Desanm 1983 ki gen kat oswa plis inite lwaye, kote pwopriyete a gen entansyon pou konvèti pwopriyete a an yon kondominyòm rezidansyèl oswa itilizasyon koperativ swa atravè konvèsyon inite ki egziste deja yo, oswa atravè demolisyon inite aktyèl yo ak ranplasman yo avèk yon nouvo kondominyòm oswa bilding koperativ.

Ódonans lan mande ke yo bay lokatè yo avi sou entansyon pou konvèti, sa ki enfòmè yo sou dwa ak benefis lokatè yo genyen nan yon konvèsyon. Tout lokatè yo gen sèten dwa; lokatè yo ki satisfè sèten kondisyon elijiblite gen dwa adisyonèl. Lokatè yo ki elijib pou dwa adisyonèl se sila yo ki andikape, granmoun, oswa ki gen revni fèb oswa modere. Anba wap jwenn definisyon andikap, granmoun ak moun ki gen revni fèb:

**Lokatè Andikape** – yon lokatè ki gen yon andikap fizik oswa mantal nan dat yo te bay avi a oswa yo ta dwe bay avi a, sa ki (1) sibstansyèlman limite kapasite yon moun pou pran swen pou tèt yo, pèfòmè travay manyèl, mache, gade, tande, pale, respire, aprann oswa travay; oswa (2) nan fason enpòtan limite lojman apwopriye pou moun sa oswa siyifikativman limite kapasite yon moun pou chèche nouvo lojman; oswa (3) satisfè dispozisyon ki gen rapò avèk andikap ki genyen nan definisyon moun andikape ki gen revni fèb” nan G.L. c. 121B § 1, bay yon kondisyon depandans sou alkòl oswa nenpòt sibstans kontwole pa pral baz sou yon detèminasyon pou yon andikap.

**Lokatè -granmoun** – Yon lokatè ki gen laj **62** ane oswa plis nan dat yo te bay oswa yo ta dwe bay avi a.

**Lokatè ki gen Revni Fèb/Modere.** Si revni konbine pou tout moun kap viv nan inite a, ke revni total yo pou dènye 12 mwa ki sot pase a imedyatman apre dat yo te voye avi a oswa yo ta dwe voye l, te mwens pase 80% nan revni mwayèn zòn nan pou gwosè fanmi an, kidonk kay la se “Revni Fèb/Modere.” Gade tablo anba pou gid revni sa yo.

<b>Maksimòm Revni Modere/Fèb (80% nan Revni Mwayèn Zòn lan), 2022</b>	
<b>Gwosè Fanmi</b>	<b>Limit Revni</b>
Yon moun	\$78,550
De moun	\$89,750
Twa moun	\$100,950
Kat moun	\$112,150
Senk moun	\$121,150
Sis moun	\$130,100

## Dwa ak Avantaj Lokatè yo

Tablo anba rezime dwa ak avantaj lokatè yo nan transfòmasyon yon bilding kondominyòm oswa konvèsyon koperativ. Yo eksplike dwa sa yo anplis nan [fòm notifikasyon lokatè a](#).

<b>Dwa &amp; Avantaj Lokatè anba Ódonans Konvèsyon Koperativ ak Kondominyòm</b>		
	Lokatè Regilye	Andikape, Granmoun, oswa Lokatè ki gen Revni Fèb/Modere
Peryòd Notifikasyon / Dwa pou rete nan Inite w	Yon Ane	Senkan
Peman pou Relokasyon	\$10,000	\$15,000
Asistans pou Chèche Lojman	Non	Wi
Dwa pou Achte Inite w	Wi	Wi

### Pwosesis Konvèsyon

#### ***Pwopriyetè a bay Lokatè yo Notifikasyon Entansyon pou Konvèti***

Pwosesis konvèsyon an kòmanse depi pwopriyetè a fòme yon entansyon pou konvèti pwopriyete a an yon kondominyòm oswa koperativ. Pwopriyetè a dwe imedaytman bay lokatè yo avi yon-lane.

#### ***Pwopriyetè a jwenn yon Plan Konvèsyon nan Depatman Devlopman Katye***

Pwopriyetè a [aplike](#) nan Depatman Devlopman Katye Vil Boston [City of Boston Department of Neighborhood Development (“DND”)] pou yon Plan Konvèsyon. Nan kad [aplikasyon](#) sa a, pwopriyetè a bay dokimantasyon ke lokatè yo te resevwa notifikasyon obligatwa, ansanm avèk nenpòt enfòmasyon sou lokatè resan ak aktyèl pwopriyete a.

DND pral kontakte lokatè yo, detèmine si nenpòt lokatè andikape, granmoun, ak/oswa gen revni fèb oswa modere. Lokatè sa yo pral apresya resevwa yon avi ke yo kalifye pou benefis adisyonèl, enkli yon notifikasyon senkan.

Pwopriyetè a ak DND pral konplete yon Plan Konvèsyon, sa ki presize dwa ak benefis chak lokatè. Pandan peryòd notifikasyon an, pwopriyetè a pral enpleman Plan Konvèsyon an.

## ***Peryòd Notifikasyon an Fini e Pwopriyetè a ap Chèche Pèmi Konvèsyon***

Yon fwa peryòd notifikasyon an fini pou yon inite patikilye, pwopriyetè a ka mande yon Pèmi Konvèsyon pou inite sa nan Depatman Sèvis Enspeksyon Vil Boston (“ISD”). DND pral konfime avèk ISD keseswa ou non kondisyon Plan Konvèsyon an te satisfè. Teni kont de enfòmasyon yo te bay DND ak Pwopriyetè a, ISD ka emèt yon Pèmi Konvèsyon. Yon fwa yo fin emèt pèmi sa a, pwopriyetè a kapab pwosede pou degèpi nenpòt lokatè ki potko deja deplase oswa siyen yon kontra pou achte inite a, ak konplete lavant inite a.

### **Frè yo:**

Frè yo pou Plan Konvèsyon ak Pèmi yo se \$1,000 pou chak inite, peyab nan Vil Boston, lè ou aplike pou yon Plan Konvèsyon.”

### **Enfòmasyon Kontak**

Si ou gen nenpòt kesyon sou pwosesis konvèsyon an, tanpri kontakte:  
Depatman Devlopman Katye Vil Boston [City of Boston Department of Neighborhood  
Development]

[CondoCoop@boston.gov](mailto:CondoCoop@boston.gov)

617-635-3880